



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 22/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN KONSTRIKSYON NOUVO TINÈL TREN AN ANT CENTRAL ISLIP AK RONKONKOMA POU DOUB RAY TREN LIRR LA

Doub Ray Tren Antye a – soti Farmingdale rive Ronkonkoma – Planifye pou Ouvri an 2018; Ap Redwi Delè yo epi Pèmèt Pasaje yo Deplase nan Toulede Direksyon Pandan Lè Pwent yo

Sou Direksyon Gouvènè a, MTA a Ap Mete Aksan sou Efikasite, Lè l Itilize Tren ki Espesyalize pou Remèt Pis la 10 Fwa Pi Rapid ke Anvan

Gouvènè Cuomo Anonse tou App MTA eTix la Disponib pou Tout Liy Metro Nò LIRR yo Apatide Jodi a

Ekspansyon ak Modènizasyon Tinèl Tren an, se Eleman Kle Plan Devlopman Enfrastrikti ak Devlopman 100 Milya Dola pou New York Gouvènè Cuomo a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmman konstriksyon nouvo tinèl tren ant Central Islip ak Ronkonkoma pou pwojè Douv Ray Tren LIRR la epi travay faz final ant Farmingdale ak Central Islip la deja sou pye e yo planifye pou fini l an 2018. Doub Vwa Tren an k ap pwolonje soti Farmingdale rive Ronkonkoma ap redwi nan fason espektakilè delè sou LIRR la epi l ap pèmèt gen plis sèvis nan lè pwent yo nan toulede direksyon yo, lè li ajoute 13 mil (20.92 kilomèt) tinèl paralèl. Ansanm ak tout deplwaman MTA eTix la, pwopozisyon Twazyèm Pis LIRR sou Liy Prensipal la, Aksè Kote Lès la ak kat nouvo Estasyon Metwo Nò nan Bronx lan, etap enpòtan ki atenn jodi a fè priyorite tinèl tren MTA nan Plan Enfrastrikti ak Delopman 100 milya dola pou New York Gouvènè a pwogrese.

Gouvènè Cuomo te di: “Eta New York ap pwogrese nan fason ki agresif pou ramne sistèm transpò an komen nou yo nan 21^{yèm} syèk la -- pa sèlman pou reponn a bezwen popilasyon aktyèl nou an, men pou favorize kwasans ki sansib epi ki dirab. Lè n ajoute yon dezyèm pis tren nan Branch Ronkonkoma a, sa se yon pwojè ke yo te pale de li depi plizyè deseni men yo pa t janm mete men ladan l. Lè n asosye ekipman inovan ak estrateji konsepsyon konstriksyon nou an, n ap akselere ritm kalite pwojè enfrastrikti enpòtan sa yo pou amelyore tinèl Long Island yo epi ranfòse ekonomi rejyon an. Pou senplifye, n ap konstwi jodi a pou yon demen miyò.”

Gouvènè Cuomo te pakouri sit Doub Ray Tren an jodi a nan Central Islip ak Prezidan MTA a, Thomas Prendergast, kote machin Konstriksyon Nouvo Pis Tren an te poze

dènye liy dwat Faz I pis la. Machin Konstriksyon Nouvo Pis la rann li plis pase dis fwa pi rapid pase sa MTA a te janm fè anvan ki fè ekonomi 2.4 milyon dola nan depans konstriksyon yo. Foto Gouvènè a nan sit konstriksyon an ap disponib sou paj Flickr Gouvènè a. Videyo tou a ak machin nan ansanm ak konferans Laprès sou Doub Vwa Tren apremidi a ap vini apre.

PDG MTA a, Thomas F. Prendergast te di: “Gouvènè a te ba n defi pou n bouje nan fason ki pi rapid epi ki pi efikas nan tout sa n ap fè epi pou n itilize ide ki nouvo epi ki inovan pou n fè pwojè a pwogrese. Ak itilizasyon nouvo teknoloji konstriksyon pis sa, MTA ap fè ekonomi 2.4 milyon dola nan premye faz pwojè Doub Vwa Tren an sèlman epi fè nou fè yon gwo pa annavan pou redwi delè yo epi pou bay yon pi bon sèvis nan Branch Ronkonkoma a nan toulede direksyon yo.”

Achèvman Konstriksyon Nouvo Tinèl pou Faz I an

Kantite moun ki vwayaje nan Branch Ronkonkoma LIRR la chak jou nan semèn nan plis pase 48,000. Avèk yon sèl ray tren nan prèske 18 mil (28.97 kilomèt) wout ant Farmingdale ak Ronkonkoma, LIRR la ka fè yon kantite tren limite fonksyone sèlman epi li manke fleksibilite operasyonèl sizoka ta gen yon deranjman. Si yon tren vin dezaktive, tout lòt tren yo – k ap soti nan lès ak lwès – pa gen okenn mwayen pou kontoune pwoblèm nan.

Pwojè Doub Vwa a ap pèmèt LIRR la bay sèvis ki pi frekan nan lè pwent yo pou ale nan Branch Ronkonkoma a nan toulede direksyon yo, ak sèvis nan lè pwent sa yo soti nan yon tren chak inèdtan pou pase a yon tren chak 30 minit nan toulede direksyon yo. Pwojè a ap redwi delè ki asosye ak entèripsyon sèvis yo, lè l bay chemennfè a fleksibilite pou kontoune obstak ke li pa ka kontoune aktyèlan ak tinèl vwa inik la.

Travay pou pwojè Doub Vwa a fini an de faz lè l itilize kontra konsepsyon konstriksyon; finansman 387.2 milyon dola pou pwojè a te asire konplètman pa Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta a.

Faz I an ajoute 3.5 mil (5.63 km) pis tren ant Central Islip ak Ronkonkoma, epi nouvo konstriksyon pis tren segman sa a ap fini jodi a pou pita. Travay faz II a deja sou pye, ki konsantre prensipalman sou konstriksyon pis tren ki rete a ant Farmingdale ak Central Islip, ansanm ak siyal enstalasyon sou tout distans Farmingdale rive Ronkonkoma a. MTA a te akòde kontra konsepsyon konstriksyon eleman sa yo nan mwa jwen an. Nan gran pati akòz kontra konsepsyon konstriksyon konpayi jesyon konstriksyon prive yo genyen yo, yo responsab pou respekte delè MTA a etabli a, ki prevwa pou ouvri Doub Vwa a jan yo te anonse l la nan kòmansman 2018 la.

Itilizasyon Machinri Espesyalize Rann Konstriksyon Ray Tren an 10 Fwa Pi Rapid

Pwojè Doub Vwa a make premye itilizasyon machin Konstriksyon Nouvo Tinèl MTA a ki ka fè konstriksyon yon mil (1.6 km) pis pa jou – plis pase dis fwa pi rapid pase 500 pye pis tren pa jou – ke MTA a te konn konstwi manyèlman pa jou. Lè l aktive pwosesis la,

MTA a ap amelyore pwodiktivite, ogmante sekirite epi redwi entèripsyon konstriksyon ki posib nan kominote lokal yo, nan fason ki enpòtan. Itilizasyon machin nan redwi depans konstriksyon 3.5 mil (5.63 km) pis tren Faz I an de 3.6 milyon dola a 1.2 milyon dola, ekonomi ki fèt la anviwon 2.4 milyon dola.

Yon bildozè rale machin nan nan pwent devan an sou tout wout nouvo pis tren an. Li jere chanjman materyèl yo nan fason otomatik ki anile itilizasyon pon woulan pou konstriksyon pis tren an. Kapasite machin nan pou pote founiti yo pa chemennfè, anile nesosite pou fè apwovizyònman pa kamyon. Plan MTA a pou itilize machin nan pwojè alavni yo se yon repons a defi Gouvènè a pou ogmante efikasite nan pwojè li yo.

De konsè ak Pwojè Ekspansyon Liy Prensipal ki pwopoze a ki t ap ajoute yon twazyèm ray tren nan segman ki itilize anpil ant Floral Park ak Hicksville, konstriksyon Doub Vwa ant Farmingdale ak Ronkonkoma ap kore rezistans sou tout Long Island lan lè l pèmèt LIRR la bay pi bon opsyon Sèvis nan Liy Prensipal la nan ka kote swa Branch Montauk la oubyen Branch Port Jefferson nan bloke akòz move tan.

Anplis Pwojè Doub Vwa Tren an ak Pwojè Ekspansyon LIRR ki pwopoze a, chemennfè a ap pwogrese tou ak lòt pwojè k ap amelyore operasyon chemennfè yo, ki genyen ladan yo Pwojè Amelyorasyon Kapasite Jamaica a ki òganize amenajman vwa Jamaica a epi modènize switch ak sistèm siyal la; ekspansyon lakou estokaj tren an nan Ronkonkoma ak pis tren sou tout Branch Port Washington ak Babylon.

Lansman Biyè MTA eTix Mobil Atravè Tout Sistèm nan

Gouvènè Cuomo te anonse tou jodi a, aplikasyon sistèm konplè MTA eTix, nouvo app tikè mobil ki pèmèt kliyan Chemennfè Metwo Nò ak Chemennfè Long Island yo itilize smartphone yo antanke yon tikè anbakman.

MTA eTix la pèmèt kliyan LIRR ak kliyan Metwo Nò yo anbake lè yo itilize smartphone yo olye yo itilize yon tikè an papyè, epi tou, verifye orè epi gade eta sèvis tren an ki entèkonekte ak app Train Time pou Metwo Nò ak LIRR la. App a ofri zouti jesyon kont tou ki founi kliyan chemennfè yo kapasite pou asire ranbousman pou tikè mobil yo pa itilize yo, mande doub resi epi jere enfòmasyon pwofil yo tankou modpas ak nimewo kat kredi ki lye yo. E pou kliyan ki itilize pwogram benefis pasaje yo, app a pèmèt itilizatè yo separe acha yo ant yon kat benefis anvan taks ak yon lòt kat. Gen plis enfòmasyon sou app a ki disponib [isit la](#).

Lyen pou Telechaje sou smartphone yo anba a.

- [Aparèy iOS](#)
- [Aparèy Android](#)

Twa branch nan Liy New Haven ki ajoute jodi a ak rès LIRR la make twazyèm faz e faz final nan deplwaman an. Premye MTA eTix la te vin disponib nan Liy Metwo Nò Hudson

nan ak LIRR Branch Port Washington nan, nan dat 30 jwen, e nan dat 25 jwiyè app a te debite nan Liy Metwo Nò Harlem nan.

MTA eTix la se yon eleman santral MTA a ki amelyore eksperyans kliyan ki konplete yon entegrasyon teknoloji ki pwofon atravè pano a. Dosye Kapital 27 milya dola MTA ki asire sou direksyon Gouvènè Cuomo a kore 2,340 bis ak 1,025 bis metro ki redesine ki ajoute yo genyen pò pou chaje USB plis Wi-Fi; koneksyon telefòn, Wi-Fi ak revèy dekont nan chak estasyon metwo; 31 estasyon ki gen nouvo imaj ki genyen tou, pò pou chaje USB epi sant enfòmasyon dijital ki amelyore andedan ak deyò estasyon an; ak yon plan pou kreye yon nouvo sistèm pèman tarif ki akselere pou ranplase MetroCard.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418